

## DELÈ & PWOESIS

### DEPOZE YON PLENT

Ou dwe depoze yon plent nan Biwo Opòtinite Egal nan Konte Alachua nan 180 jou apre dat swadizan zak diskriminatwa a.

### MEDIASYON/ KONSILYASYON

Yon pwosesis volontè kote yon moun san patipri ede pati yo rezoud pwoblèm yo anvan yon ankèt fèt oswa nan nenpòt etap pandan yon ankèt.

### ENVESTIGASYON

Si diskisyon an pa ka rezoud atravè medyasyon/konsilyasyon, Biwo Opòtinite Egal nan Konte Alachua pral mennen yon Envestigasyon ak objektif rapid.

### DETÈMINASYON

Biwo Opòtinite Egal nan Konte Alachua pral detèmine si gen prèv sifizan oswa non pou diskriminasyon.

### NOTIFIKASYON

Yo te enfòme tou de pati yo konsènan detèminasyon an ak opsyon yo dapre lalwa a. Sa ka laköz yon odyans administratif oswa aksyon civil nan yon tribinal.

**Si w estimate ou viktim  
diskriminasyon oswa si w  
bezwen plis enfòmasyon,  
tanpri kontakte:**

**Biwo Opòtinite  
Egal Konte Alachua**

**12 SE 1st Street, 1st Floor Gainesville,  
FL 32601**

**(352) 374-5275 (Vwa)  
(352) 338-3205 (Faks)  
Itilizatè TDD yo, rele 711 FL Relay**

**Vizite nou sou entènèt nan:  
[www.alachuacounty.us/eo](http://www.alachuacounty.us/eo)**

.....  
**Dokiman ki disponib nan lòt fòma sou  
demann.**



## Òdonans sou Dwa Moun nan Konte Alachua



**Pwoteje Kont  
Diskriminasyon Illegal**

**Òdonans sou Dwa Moun nan  
Konte Alachua, Chapit 111 nan  
Kòd Konte Alachua, pwoteje moun  
kont diskriminasyon ilegal sou baz  
ras, koulè, orijin nasyonal,  
relijyon, sèks, eta sivil, laj,  
andikap, oryantasyon seksyèl ak  
idantite oswa ekspreson seksyèl.  
nan travay, lojman ak  
akomodasyon piblik, nan limit  
jeyografik Konte Alachua.  
Pwoteksyon adisyonèl kont  
diskriminasyon nan matyè lojman  
gen ladan estati familyal, estati  
sitwayènte, sous revni legal, estati  
veteran oswa manm sèvis, viktim  
vyolans domestik, vyolans nan  
renmen, oswa asèlman.**



## DISKRIMINASYON

Diskriminasyon se yo tretman diferan oswa mwens favorab akòz estati oswa karakteristik yon moun ki pwoteje. Lalwa entèdi pou fè diskriminasyon sou baz nenpòt estati oswa karakteristik ki pwoteje daprè chapit sa.

## VANJANS

Li ilegal pou pran revanj, oswa pran mezi negatif kont yon moun, paske yo te opoze ak yon pratik diskriminatwa, depoze yon plent, temwaye oswa patisipe nan yon ankèt sou nenpòt estati oswa karakteristik ki pwoteje nan chapit sa a.

## JIRIDIKSYON

- Swadizan zak diskriminatwa te fèt nan fwontyè jewografik Konte Alachua nan 180 jou ki sot pase yo.
- Yon anplwayè ki garanti travay 5 anplwaye oswa plis.
- Si nenpòt minisipalite nan Konte Alachua gen pwòp òdonans dwa moun, òdonans sa pral genyen plis pouvwa sou Òdonans Dwa Moun nan Konte Alachua nan mezi tout konfli ant de òdonans yo.

**Biwo Opòtinite Egal nan Konte  
Alachua responsab pou  
administrasyon ak ranfòsman  
Òdonans Dwa Moun yo.**

## SÈVIS YO BAY

### KONSEY AK TRETMAN PLENT

Rankontre ak moun sou zafè diskriminasyon; mennen ankèt sou swadizan vyolasyon Òdonans Dwa Moun; refere plent non jiridiksyonèl yo bay eta a oswa ajans federal ki apwopriye a.

### MEDIASYON/ KONSILYASYON

Yon pwoesisi volontè kote yon medyatè san patipri ede pati yo rezoud pwoblèm yo anvan ankèt la fèt, oswa rive jwenn yon akò nan nenpòt etap pandan ankèt la.

### EDIKASYON PIBLIK AK SANSIBILIZASYON

Bay fòmasyon sou lwa opòtinité egal epi patisipe nan aktivite sansibilizasyon pou enfòme moun, anplwayè ak biznis sou dwa ak responsabilite yo daprè lalwa.



Eskane kòd QR pou li  
Òdonans Dwa Moun yo